



Pou Piblikasyon Imedya: 27/04/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL, SEKRETÈ FUDGE, SENATÈ SCHUMER AK REPREZANTAN BOWMAN ANONSE APWOBASYON REFINANSMAN PRÈ POU KENBE KALITE AK AKSESIBILITE LOJMAN POU CO-OP CITY

Gouvènman etatik ak lokal yo sipòte refinansman pou bay enjeksyon imedya 124 milyon dola pou fè reparasyon ak amelyorasyon pou 45,000 rezidan Co-op City

Refinansman an pral ede asire lojman kalite nan koperativ lojman ki pi gwo nan monn lan

Gouvènè Kathy Hochul, Sekretè Depatman Lojman ak Developman Iben Etazini (Housing and Urban Development, HUD) Marcia Fudge, Senatè Charles Schumer ak Reprezantan Jamaal Bowman te anonse jdoi a ke Riverbay Corporation, konpayi jesyon pou Co-op City, Depatman Lojman ak Developman Iben, Wells Fargo, Fon Asirans Ipotèk Ajans Ipotèk Eta New York ak Kòporasyon Developman Lojman Vil New York te trete ak apwouve refinansman prè Depatman Lojman ak Developman Iben Co-op City a. Refinansman an pral kenbe kalite ak aksesibilite lojman pou plizyè dizèn milye rezidan ki rele Co-op City lakay yo. Refinansman bay konpayi lojman an 124 milyon dola kòm resous ki pral itilize pou amelyorasyon kapital, sa gen ladan modènizasyon nan chofaj, vantilasyon ak sistèm klimatizasyon, antretyen fasad ak modènizasyon nan sistèm elekrik.

"Administrasyon mwen an angaje pou kenbe aksè nan lojman ki sekirité, bon kalite k ap pèmèt Nouyòkè yo viv avèk diyite yo merite", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Enjeksyon finansman kapital transfòmatè sa pral pèmèt nou modènize Co-op City, pi gwo koperativ lojman nan monn lan ak asire aksesibilite alontèm pou 45,000 rezidan li yo".

Sekretè Depatman Lojman ak Developman Iben Etazini an, Marcia L. Fudge, te deklare, "Nou aplodi achèvman reyisi refinansman pou Konplèks Co-op City Bronx lan. Administrasyon Biden-Harris ak HUD angaje pou estabilize mache lojman an nan tout peyi a avèk chak zouti nan dispozisyon nou, sa gen ladan itilize asirans prè ipotèk multi-familyal Administrasyon Lojman Federal kòm yon sous finansman kle. Soti nan sipòte pi gwo prè nan gwo zòn metropolis yo rive nan prè ki pi piti nan kominate riral yo ak banlye yo, HUD fyè pou li se yon patnè nan kreye ak prezève lojman abòdab atravè peyi a".

Senatè Charles Schumer te deklare, "Co-op City Bronx lan bay yon lojman abòdab pou plis pase 45,000 Nouyòkè nan yon mache lojman k ap vin pi chè. Se poutèt sa mwen te travay pou sekirize yon akò refinansman alè pou Co-op City, ki pral ede kenbe kalite, vyabilite ak aksesibilite alontèm kominote ki inik sa. Akò a pral amelyore tou lavi rezidan yo nan pèmèt yo fè reparasyon ak lòt amelyorasyon, tout sa pandan I ap bay lojman abòdab pou jenerasyon alavni yo. Nou pa te sispann pouse ak travay avèk HUD pou sekirize refinansman an epi nou fyè pou nou anonse apwobasyon HUD".

Reprezantan Jamaal Bowman te deklare, "Co-op City se vreman yon kominote inik, ki abrite pi gwo koperativ lojman abòdab nan Etazini ak plis pase 45,000 elektè ke mwen onore pou m sèvi. Li obligatwa pou kominote Co-op City a gen fon ki nesesè pou kenbe lojman abòdab yo ak espas komèsyal yo, ki sipòte tout sila yo k ap viv la. Mwen fyè dèské mwen te travay ansanm ak Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini anba lidèchip Sekretè Fudge, Lidè Majorite Schumer ak Gouvènè Hochul pou fè avanse yon akò refinansman alè pou Riverbay Corp, ki pral debloke gwo fon kapital pou reparasyon ijan. Co-op City se yon egzanp prensipal sa lojman koperatif kapab sanble atravè nasyon sa epi mwen pa ka tann pou m wè kijan refinansman prè sa pral kontinye bay sipò pou fè kominote sa vin ankò pi dirab, vivab ak abòdab".

Prè ipotèk 621.5 milyon dola restriktire a ki soti nan Wells Fargo elaji peryòd aksesibilite a pou 10 ane anplis epi bay 124 milyon dola pou koperativ la pou kapab kòmanse reparasyon kapital nesesè yo. Avèk 15,372 kay, Co-op city se pi gwo devlopman lojman koperatif nan monn lan. Fon Asirans Ipotèk nan Ajans Ipotèk Eta New York la, ki fè pati Biwo Renouvèlman Kay ak Kominotè Eta New York la ak Kòporasyon Devlopman Lojman Vil New York la, pral bay sipò kredi avèk 55 milyon dola ak 15 milyon dola kouveti prè a, yo chak. Prè a gen ladan 15 milyon dola pou reparasyon kapital imeda, sa gen ladan anviwon 10 milyon dola pou reparasyon balkon ak fasad, 2.5 milyon dola pou ranplasman ponp dlo rezidansyèl ak 2.5 milyon dola pou ranplasman asansè garaj. Prè a gen ladan tou 109 milyon dola pou rechaje yon kont rezèv pou reparasyon alavni, tout sa san ogmante frè antretyen pou rezidan yo.

Administratè Rejjonal Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini pou New York ak New Jersey, Alicka Ampry-Samuel, te deklare, "Youn nan priyорite prensipal HUD yo se prezèvasyon lojman abòdab epi refinansman sa asire Co-op City rete abòdab pou plizyè milye fanmi. Li enpòtan tou pou devlopman sa rete san danje ak pou rezidan yo kontinye viv nan inite ki amelyore, bon kalite ke enjeksyon fon FHA (Administrasyon Lojman Federal) HUD yo rann posib. Fanmi Co-op City yo pral benefisyé amelyorasyon enpòtan sa yo epi pral kapab jwi kominote yo pou anpil ane alavni".

RuthAnne Visnauskas, Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote yo, te deklare, "Mwen trè fyè de patenarya sa ki pral pwoteje pwopriyete abòdab nan Co-op City pou yon lòt 35 ane. Anplis de kenbe frè antretyen yo estab pou rezidan yo, prè 621.5 milyon dola a pral finanse pwojè reparasyon kapital ki nesesè anpil yo pou asire ke tout 15,372 kay yo rete san danje ak sekirize alontèm. Jenerasyon Nouyòkè yo te benefisyé kapasite pou viv yon fason abòdab nan kominote anime ak divèsifye sa

pandan n ap konstwi ekite pou transmèt bay timoun yo. Gras ak patnè prive ak piblik nou yo, Co-op City pral kontinye ofri opòtinite ekonomik pou fanmi ki travay di nan Bronx pou plizyè deseni alavni".

Senatè Eta, Jamaal Bailey, te deklare, "Co-op city se pi gwo devlopman koperatif ki inik nan peyi a epi abrite plis pase 50,000 rezidan, sa gen ladan pi gwo kominote retrèt natirèl peyi a. Pandan n ap rekonstwi pi solid apre yon pandemi devastatè, enjeksyon imeda 124 milyon dola nan finansman an pral fè avanse amelyorasyon kapital ki nesesè anpil ak modènizasyon enfrastrikti nan tout sistèm lan epi benefisyé plizyè milye fanmi nan amelyore kalite lavi pandan y ap pwoteje aksesibilite alontèm. Mwen rekonesan anvè patnè eta ak federal nou yo, Gouvènè Hochul, Sekretè Fudge, Senatè Schumer, Reprezantan Bowman ak Kòporasyon Riverbay dèské yo travay pou sekirize akò refinansman sa pou rezidan nou yo ak patenarya pou asire Co-op City kontinye e yon modèl nasyonal pou kalite, lojman abòdab ak yon kominote ki dinamik nan nivo ekonomik ak sosyal".

Manm Asanble Michael Benedetto te deklare, "Sa se yon bòn nouvèl pou Co-op City epi enjeksyon lajan an nesesè anpil epi nou vreman apresye sa. Yon gwo remèsiman pou Gouvènè Hochul dèské li wè yon nesesite epi fè sa ki kòrèk la".

Direktè Wells Fargo Multi Family Capital, Alan Weiner, te deklare, "Wells Fargo kontan pou li te estriktire ankò finansman alontèm pou Co-op City. Angajman nou pou bay finansman alontèm pou lojman abòdab ak pou moun ki gen revni modere se yon bagay ki san parèy nan endistri a. Nou ta renmen felisite patnè eli nou yo, Senatè Schumer, Reprezantan Bowman ak Gouvènè Hochul, ansanm ak patnè ajans nou yo nan HUD, Eta New York ak Vil New York ki te travay avèk nou pou rann sa posib".

Prezidan Kòporasyon Devlopman Lojman Vil New York, Eric Enderlin, te deklare, "Refinansman Co-op City reprezante yon envestisman esansyèl nan pak lojman abòdab aktyèl nou an nan yon moman ki gen ijans. Gras ak akselerasyon patnè nou yo ak responsab eli yo, efò prezèvasyon sa pral asire aksesibilite dirab ak gwo reparasyon kapital ki pral founi estabilite lojman ak kalite lavi ki amelyore bay plizyè milye Nouyòkè ki rete nan kominote dinamik sa".

Prezidan Konsèy Co-op City, Bernard Cylich, te deklare, "Prè sa pral ede nou antreteni biling ak enfrastrikti nou pandan I ap redui nesesite pou rezidan nou yo peye gwo ogmantasyon nan frè yo. Nan non Direktè Konsèy la yo ak rezidan yo, mwen vle remèsye tout ajans gouvènman an ak responsab eli yo ki te sipòte nou epi te travay ansanm pou konkli prè sa".

Prè Ipotèk 2012 Wells Fargo bay Riverbay Corporation, ki posede Co-op City, se te pi gwo asire ki te janm genyen nan kad pwogram seksyon 223(f) Depaman Lojman ak Devlopman Iben an ki pwoteje kreyansye yo kont pèt pwoblèm ipotèk nan pwopriyete milti-familyal yo.

Co-op City abrite plis pase 45,000 rezidan sou 130 ekta - pi gwo devlopman koperatif peyi a. Sit la gen plizyè lekòl, twa sant komèsyal ak pwòp santral elektrik li. Li te bay plizyè milye fanmi opòtinite pou yo grandi nan yon kominote klas mwayèn ki estab. Aranjman refinansman sa pral ede asire plizyè dizèn milye fanmi gen menm opòtinite epi founi resous pou fè envestisman kapital ki pral benefisyé rezidan yo pou plizyè ane alavni.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418